

• •

CHAPIT 25

Zouti w ka fè lakay ak zouti aprantisaj

Nan chapit sa a:

Ekipman ki pa koute chè	443
Kwonomèt ki fèt ak sab	443
Estetoskòp ou ka fè lakay	445
Zouti aprantisaj.....	447
3 metòd senp pou fè zouti aprantisaj..	447
Modèl yon basen, matris, ak vajen.....	448
Modèl gwosès: matris la, plasenta a, kòd lonbrik la, ak bebe a	454
Yon modèl ki demontre akouchman: bwat akouchman ak pantalon akouchman	461

ZOUTI W KA FÈ LAKAY AK

ZOUTI APRANTISAJ

CHAPIT

25

Ekipman ki pa koute chè


Pati sa a bay esplikasyon sou kèk zouti ou ka fè pou ede w ak travay ou antanke fanmsaj.

KWONOMÈT OU KA FÈ LAKAY

Si w pa gen yon mont oswa yon revèy, ou ka fè yon kwonomèt ki senp pou mezire kantite fwa kè yon moun bat oswa kantite fwa li pran souf pandan yon minit. Pa gen youn nan kwonomèt sa yo ki efikas menm jan ak yon revèy, men yo travay byen kanmenm. (Lè w fèk fè kwonomèt la, w ap bezwen sèvi ak yon revèy pou mezire ki longè yon minit ye.)

Kwonomèt ki fèt ak sab

Yon kwonomèt ki fèt ak sab gen yon tib an vè ki fèmen nan de pwent yo. Li gen yon kou ki byen etwat nan mitan. Li gen enpe sab fen ladan l. Sab la pran yon kantite tan egzak pou l soti nan pati anlè a epi pou l tonbe nan pati anba a.




W ap ka achte kwonomèt yo fè pou kizin ak kwonomèt sab ki mezire 3 minit ase fasil nan anpil zòn, e yo pa koute chè. Lè w ap sèvi ak youn, konte kantite batman kè oswa kantite souf moun nan pandan 3 minit, epi divize l pa 3 pou w ka konnen ki kantite fwa kè l bat oswa ki kantite souf li pran nan yon minit. Ou ka sèvi ak kwonomèt sa a tou pou w wè si kontraksyon yo vini chak 3 minit.

Kwonomèt ki fèt ak sab ki kwonometre yon minit

Pou fè yon kwonomèt sab ki mezire yon minit, suiv etap sa yo:

1. Pran yon tib an vè, chofe pati mitan an sou yon ti fou bék "Bunsen" oswa sou yon lòt ti flanm dife ki byen cho.
2. Detire tib la pou l ka bay yon ti kou fen nan mitan an.
3. Kite youn nan pwent yo fonn dousman jiskaske l bouche.




- 4.** Pran enpe sab fen epi lave l pou retire kras ki ladan l. Mete l sèch nan solèy, epi pase l nan yon paswa byen fen. Apre sa, chofe sab la pou retire imidite ki ladan l.



- 5.** Mete nan tib la yon kantite sab k ap pran egzakteman yon minit pou l soti nan yon pati tib la pou tonbe nan lòt pati a. Sèvi ak yon mont ki gen zegui segonn ladan l pou kontwole l.



- 6.** Bouche lòt pwent tib la.



Yon lòt metòd ki pi fasil se pou w sèvi ak yon "tib vè mou", oswa yon tib ki fèt pou kenbe san. Itilize yon flanm dife pou fè yon ti kou fen nan mitan tib la. Ou pa bezwen fonn pwent la, jis bouche l ak yon bouchon. Kote ki gen klima imid, kwonomèt sa a ka pa twò egzak.

Pa sezi si w oblige eseye fè yon kwonomèt ki fèt ak sab plizyè fwa anvan w reyisi fè l byen. Si sab la ap kole, chèche youn ki pi fen, pi lis, epi asire w li byen sèch. Asire w kantite sab la egzak anvan w bouche tib la. Pou pwoteje kwonomèt la, mete l nan yon bwat boure ak koton oswa ak twal. Tib la ka kase nan kou byen fasil.

Kwonomèt ki fèt ak dlo

Kwonomèt ki fèt ak dlo fasil pou fè, men yo mwens egzak pase kwonomèt sab.

Chèche yon tib an vè oswa plastik. Tank tib la pi long e pi fen, se tank kwonomèt la ap ka bay rezulta ki pi egzak.

Pou fè yon twoou ki etwat nan tib an vè a, kenbe l sou yon flanm dife, detire l, mete l frèt, epi kase l.

Kenbe tib la nan pozisyon kanpe dwat, epi mete dlo ladan l jiskaske li plen nèt.


Kenbe yon mont nan lòt men an epi mezire ki kote nivo dlo a desann apre egzakteman yon minit. Kontwole sa plizyè fwa, epi make plas la ak yon lank, yon kitèks, oswa yon moso adezif.



Note sa: Pafwa yon kwonomèt dlo oswa yon kwonomèt sab ka bouche epi li bay yon fo lè. Donk, li bon pou w ta verifye l avèk yon mont oswa revèy detanzantan.

ALMANAK GWOSÈS OU KA FÈ LAKAY

Gade paj 500 pou wè yon zouti ou ka fè pou kalkile dat yon fi si poze akouche, si w konnen dat li te gen dènye règ li a.




ESTETOSKÒP OU KA FÈ LAKAY

Yon estetoskòp se yon tib ki gen yon espas vid ki fè l pi fasil pou koute son anndan lestimak ak vant yon moun. Se yon bon zouti ki pèmèt ou koute batman kè bebe a anndan matris manman l.




Estetoskòp ki pi bon yo fèt avèk metal ak plastik, e yo ka koute chè. Men, gen plizyè kalite estetoskòp ou ka fè lakay ou:

- Sèvi ak yon tib an banbou, an bwa oswa an ajil ki gen yon espas vid anndan l.



- Pran tèt yon boutèy plastik ki gen kou fen, epi yon moso tib kawoutchou.



- Koupe pati anlè yon sereng kawoutchou epi sèvi avè l avèk yon moso tib kawoutchou.



BALANS OU KA FÈ LAKAY


Yon balans ou achte nan magazen pi efikas, epi li pi fasil pou sèvi pase yon balans ou fè lakay, men balans ou fè lakay yo pa koute chè epi yo fasil pou fè.

4 kalite balans

Balans sispandi

Kalite balans sa a pi fasil pou fè epi kapab se balans ki pi egzak. Pout la ka fet ak bwa sèch oswa ak banbou. Pwa ki deplase a kapab se yon sak, yon boutèy, oswa yon ti mamit ki gen sab.


2 kwòk ki separate ak yon distans 5 santimèt



Balans pliyant


Balans sa a pi fasil pou pote lè w ap deplase. Li pi egzak si l fèt ak moso metal oswa ak moso playwoud.

Tann balans lan nan men w oswa nan yon kwòk




Balans demi-ka

Si balans sa a fèt ak playwoud, ranfòse 1 ak fèy tòl nan kwen ki pi wo a. Pwa a dwe peze ant 1 a 2 kilogram. Li ka fèt ak yon moso fè.



Balans ak resò


Balans sa a fèt ak yon resò anndan yon moso banbou. Resò a dwe anviwon 30 santimèt longè, epi li dwe peze rive nan mwatye longè l avèk yon pwa 15 kilogram.



Ki jan pou fè yon balans ki egzak


Pou make balans lan yon fason ki egzak, w ap bezwen pwa ki egzak. Petèt w ap ka jwenn yo youn nan fason sa yo:

- Prete kèk pwa nan men yon machann (ki sèvi ak balans).
- Prete balans yon machann pou fè e mezire pwa pa w yo avèk sak sab.
- Itilize sachè manje oswa ti bwat manje ki peze yon kilogram.



Ki jan pou make balans la

1. Mete yon pwa ki peze yon kilogram sou li.
2. Balanse pwa ki deplase a.
3. Fè yon mak nan plas la epi ekri “1”.
4. Kounye a, ajoute yon kilogram anplis alafwa, epi chak fwa rebalanse pwa a epi mete yon mak, jiskaske w genyen 6 oubyen 7 mak sou balans lan.



Zouti aprantisaj

Pati sa a esplike kòman pou fè kèk zouti k ap ede w anseye lòt moun konsènan kò fanm, gwo sès, ak akouchman. W ap ka itilize zouti sa yo pou anseye lòt fanmsaj, fanm ansent ak manm fanmi yo, avèk nenpòt moun nan kominate a ki vle aprann plis sou sante medam yo nan zafè fè ptit. Pifò moun aprann pi fasil lè yo sèvi ak kalite zouti sa yo pase lè yo aprann nan liv sèlman.

3 METÒD SENP POU FÈ ZOUTI APRANTISAJ


Kopye yon chema



Kèk nan zouti aprantisaj sa yo gen chema ladan yo pou fè modèl. Pou kopye yon chema, mete yon moso papye fen sou li. Si se posib, kole papye a ak adezif pou l ka pa deplase. Apre sa, trase chema a sou moso papye fen an. Retire mose papye fen an, epi tache l oswa kole l sou twal oswa sou katon ou pral koupe a.

Sèvi ak dyapozitif (imaj nan pwojektè) pou fè yon postè

Mete yon gwo moso papye oswa yon gwo moso twal sou yon mi. Ansuit, mete yon imaj nan yon pwojektè, epi mete foto a klere sou papye a oubyen sou twal la. Trase foto a jan li ye a. Lè w fin gen desen an, ou ka kolore l.




Fè modèl yo sou papye mache



Papye mache se yon bon materyèl pou fè modèl pati ki nan kò moun. Pa egzanp, si w vle fè modèl tèt yon bebe, itilize yon blad oswa fè gwo boul avèk papye jounal sèch epi mete yon nan yon sachè.

Apre sa, brase dlo ak farin frans pou fè yon pat. Tranpe ti moso jounal oswa lòt kalite papye nan pat la, epi tann yo sou blad la. Mete plizyè kouch epi kite l sèch. L ap seche byen nan solèy. Pentire l pou l ka sanble ak tèt yon bebe.




MODÈL YON BASEN, MATRIS, AK VAJEN

Yon basen ki fèt ak papye

Ou ka sèvi ak yon moso papye ki pwès oswa ak yon moso katon fen pou fè yon modèl basen ki senp.

1. Premyèman, trase fòm ki pi ba a sou yon papye fen.
2. Pliye moso papye rèd la an 2.

Apre sa, mete pati chema sa a kote ki pliye a.




3. Koupe papye a nan tras chema a, apre sa deplie papye a. Fè yon mak nwa sou chak bò pou montre ki kote zo janm yo ale. Fè twou yo la a.



Lè w ap gade l pa dèyè

4. Fè papye a fè won epi fè pwent yo kontre ansanm pou devan an vin fè devan zo basen an. Asire w mak nwa yo parèt sou deyò. Pou pati devan zo basen an ka rete won, mete yon moso katon fen sou anndan zo basen an. Repliye zo ranch yo (anlè chak bò) enpe sou deyò.



5. Koube koupyon an (koksis) al dèyè.




Lè w ap gade l sou kote

6. Apre sa repliye l al devan.



7. Pliye ti pwent yo ale sou anndan.





Pwent

Ou ka sèvi ak basen sa a ansanm ak yon poupe (gade paj 459) pou montre kòman yon bebe pase nan zo basen manman an pou l ka fèt.

Yon matris ak yon vajen ki fèt ak twal


Matris la

1. Pou fè chema matris yon fi ki pa ansent, koupe 2 moso twal ki gwosè sa a. Li pi bon pou sèvi ak twal ki ka detire. (Si w pa gen twal ki detire, koupe twal la yon ti kras pi laj pase foto a).




2. Mete moso matris yo ansanm epi koud yo sou liy pwentiye a. Kite anlè a ouvè.


3. Vire matris la lanvè.



5. Mete yon chalimo plastik oswa yon tib ki fèt ak twal sou chak kote anlè matris la konsa:



7. Koud anlè a pou fèmen l, epi fè yon franj nan pwent 2 tib yo konsa:




9. Si w te sèvi avèk yon chalimo plastik pou montre twonp yo, koud yon fil ki solid nan youn nan ovè yo.




Pase fil la
anndan chalimo a epi tache l nan
lòt ovè a. Si w te sèvi ak tib ki fèt

4. Boure anndan matris la avèk twal mou jiskaske l prèske plen.



6. Boure anndan matris la ak plis materyèl mou.




8. Fè 2 ti boul twal nan fòm sa a pou montre ovè yo, kote ze yo fèt nan vant manman an. Boure yo ak twal mou.




ak twal, koud yon ovè nan chak pwent.

10. Men ki jan matris la dwe ye lè l fini:




Vajen an


1. Koupe yon moso twal ki gen menm gwosè epi menm fòm ak sa a:




2. Koud yon ti moso fil fè mou oswa yon moso plastik nan bò twal la ki dwat la.




3. Pliye twal la yon jan pou l vin tounen yon tib. Koud li, men kite yon ti ouvèti jis pou kòl matris la ka antre.



4. Koud yon moso twal la a.



5. Vire tib la lanvè pou pati moun dwe wè a parèt sou deyò. Fè yon ne la a pou montre klitoris la. Fè yon mak oswa yon ti twou pou montre irèt la (pasaj kote pipi soti a).



6. Pou w ka kole matris la ak vajen an, mete pati anba matris la anndan pasaj ki nan vajen an.



Ki jan pou itilize modèl la

Men kèk fason w ka itilize modèl sa a lè w ap anseye:

1. Elèv yo ka mete dwèt yo anndan vajen an pou yo ka touche kòl matris la.



2. Ou ka kenbe matris la devan vant ou pou moun yo ka konprann ki kote matris la ye nan kò yo.



3. Ou ka montre ki jan pou rete yon emoraji apre yon akouchman. Pliye matris la sou yon planch oswa yon baton pou montre kòman pou peze matris la sou zo basen an.




MODÈL GWOSÈS: MATRIS LA, PLASENTA A, KÒD LONBRIK LA, AK BEBE A

Yon matris ki fèt ak kalbas


1. Chèche yon kalbas ki gen fòm sa a:



2. Fè yon twou nan dèyè l epi debouche tèt la.



3. Fè yon poupe senp ak twal. Fè poupe a ase piti pou l ka antre anndan kalbas la. Itilize yon ti moso kòd oswa fisèl pou reprezante kòd lonbrik la, epi yon ti zòrye pou plasenta a.



(Gade paj 459 pou wè yon lòt fason pou fè yon poupe.)


4. Mete poupe a anndan kalbas la. Ou ka kole plasent a anndan kalbas la.




5. Fè yon vajen ak yon tib ki fèt ak kui, katon di, kawotchou, oswa yon lòt materyèl. Fè yon twou nan tèt la. Kite yon pwent ouvri epi koud lòt pwent lan pou fèmen l.

Kite bò sa ouvri.

Fè yon twou isit.




6. Mete pati anba matris la anndan twou ki anlè vajen an. Petèt ou ka jwenn yon fason pou kore l.




Koud pwent sa pou fèmen l.

7. Si w vle montre yon kòl matris ki ouvri, fè yon lòt matris kalbas ki ouvri pa anba a, konsa:




Yon matris ki fèt ak twal


- Koupe 2 moso twal ki menm fòm ak sa a. Twal la dwe gen yon longè anviwon 33 santimèt (33 sm oswa 13 pou). Lajè a dwe anviwon 27 santimèt (27 sm oswa 10.5 pou) anlè, epi anviwon 15 santimèt (15 sm oswa 6 pou) nan lajè anba. Li pi bon pou sèvi ak twal ki ka detire.




- Koupe yon moso twal wouj ki won ki menm gwosè ak plasenta a (gade paj 456). Koud li sou matris la. Wonn sa a montre kote plasenta a kole a.




- Mete moso ki konpoze matris la ansanm epi koud yo konsa:



- Double kote ki ouvri a epi koud li. Kite ase espas pou w ka pase yon ti kòd ladan l. Se kòl matris la l ap ye.




- Vire matris la lanvè pou bò ki kòrèk la sou deyò. Mete yon ti kòd oswa yon moso elastik kote ki double a anba.




Plasenta a


- Pou fè plasenta a, koupe 2 moso twal tou won. Yo dwe mezire 22 santimèt (22 sm oswa 8.5 pou) lajè. Yo pa oblige fin won nèt.



- Pou fè sak dlo a, sèvi ak yon twal fen ki pèmèt ou wè anndan l. Koupe twal la anviwon 30 santimèt (30 sm oswa 12 pou) lajè, ak anviwon 72 santimèt (72 sm oswa 28 pou) longè.




- Depoze youn nan sèk yo fas anba nan mitan twal fen an. Koud sèk la sou twal fen an, men pa koud li jis nan bò a nèt.



- Vire l tèt anba. Pliye twal fen an ale sou anndan, epi tache l ak yon zepeng pou l ka rete anplas. Kite bò sèk la parèt byen klè.




- Mete lòt sèk la fas anba sou premye sèk la, tou sou twal fen ki pliye a. Koud li, men pa koud li nèt; kite yon ti ouvèti.



6. Vire sèk la lanvè. Retire zepeng nan, epi sak dlo a ap ouvri.





7. Koud ouvèti a pou l fèmen.




Boure plasenta a ak kèk moso materyèl lejè, tankou epong, ranyon, oswa zèb sèch.

8. Vire plasenta a sou bò ki pa kouvri ak twal fen an. Sa se anba plasenta a, pati ki kole ak matrix la.


Si w vle, koud pati anba avèk yon kouti pike yon fason pou ti boul ki gen nan plasenta a ka parèt. Pa kite kouti pike a parèt anlè plasenta a. Anlè a dwe lis.



9. Kite twal fen an pandye, epi koud sou kote yo ansanm pou fè yon tib.





10. Double anba tib la epi koud li, men kite yon espas pou pase yon ti kòd.



File yon ti kòd ladan l.




Kòd lonbrik la

1. Koupe yon moso twal long ki gen anviwon 52 santimèt (52 sm oswa 20 pou) longè ak 8 santimèt (8 sm oswa 3 pou) lajè.
2. Pliye twal la nan sans longè, epi koud sou kote a.
3. Vire twal la lanvè. Boure l avèk yon bagay ki mou, menm jan w te boure plasenta a.
4. Pou montre venn ak atè ki nan kòd lonbrik la, vire 3 fisèl ki pwès oswa 3 moso fil tektil toutotou kòd lonbrik la, epi koud yo sou li pou yo pa mele. De nan fisèl yo dwe gen menm koulè. Si se posib, kouvri kòd lonbrik la ak yon moso twal fen, menm jan ak twal ou te itilize pou sak dlo a, pou l ka parèt konsa:
5. Koud yon pwent nan kòd la sou bò anlè plasenta a (bò ki kouvri ak twal fen an). Desine kèk venn sou bò sa a nan plasenta a ak yon fèt oswa yon plim.
6. Kole lòt pwent kòd la sou yon poupe (gade paj 459). Ou kapab koud kòd lonbrik la sou poupe a oswa tache l ak yon zepeng.



Boure l.

Koud pwent yo
pou fèmen yo.






Pou w ka montre bebe a anndan sak dlo a, mete poupe a anndan sak la epi fèmen l ak ti kòd la.
Pou w ka montre lè manman an pase likid, ouvri ti kòd la.




Bebe a

Menmsi nenpòt poupe ka sèvi pou yon bebe, poupe ki pi bon an se sa ki gen yon tèt ki di epi yon kò ki mou. Si se fè w ap fè yon poupe, suiv enstriksyon sa yo:

1. Fè yon tèt ki vid anndan avèk papye mache (gade paj 447). Fè desen yon figi nan tèt la, epi pentire pati mou yo ak liy kouti yo (gade paj 259).



2. Koud yon kò ki gen menm gwosè ak yon tibebe toutbon, epi fè yon tèt won ki yon ti kras pi piti pase tèt di ou sot fè a. Boure twal kò a avèk eponj, ranyon, oswa zèb sèch, pou l ka sanble ak kò yon tibebe. Apre sa, foure tèt ki fèt ak twal la anndan tèt di a.



Si l pa fasil pou sèvi ak papye mache, gen yon lòt fason w ka fè yon tèt ki di. Boure ni kò a ni figi a avèk moso twal mou, apre sa boure anlè tèt la ak youn nan sa yo: yon ti kalbas, yon ti boul di, yon moso bwa won ki lis, oswa yon wòch won.




Ki jan pou itilize modèl yo pou w anseye

Pou montre kòman bebe a, plasenta a, ak sak dlo a chita anndan matris la, mete bebe a anndan sak dlo a ak plasenta a, epi mete sak dlo a anndan matris la. Mete pati anba plasenta a kole sou sèk wouj ki anndan matris la epi tache l ak yon zepeng.

1. Rale ti kòd la pou fèmen kòl matris la.



2. Ouvri ti kòd la pou bebe a ka "fèt". (Si w vle montre li pase likid, ouvri ti kòd ki sou sak dlo a.)



3. Retire zepeng nan epi peze plasenta a soti pou montre jan plasenta a dwe soti.



4. Esplike sèk wouj anndan matris la se yon blese ki ouvri k ap senyen. Peze matris la pou montre kòman li dwe ratresi pou san an ka rete.




YON MODÈL KI DEMONTRE AKOUCHMAN: BWAT AKOUCHMAN AK PANTALON AKOUCHMAN


Bwat akouchman

Pou montre ki jan yon akouchman fêt, koupe yon bwat katon epi pentire l pou l sanble ak kò yon fi. Fè yon twou pou poupe a ka pase. Fè yon vant avèk moso kouvèti ki devan bwat la epi fè 2 tete yo avèk moso kouvèti ki dèyè bwat la.

Pou fè bwat la parèt pi reyèl, ou ka mete l sou yon kabann anba yon twal oswa yon lenn. Mete yon poupe anlè bwat ki sou kabann nan pou l ka sanble ak yon fi, epi fè yon moun kouche anba kabann nan. Moun nan ka pouse bwat la monte pou l sanble ak kontraksyon epi li ka plenn tankou moun k ap akouche.



Oswa ou ka mete matris ak vajen ou te fè a nan bwat akouchman an pou moun yo ka wè kòman matris la ak vajen an chita nan kò a.



Pantalon akouchman



Pantalon akouchman an montre pi byen kòman akouchman an fêt. Koupe yon gwo twou nan yon gwo pantalon izé pou l ka sanble ouvèti vajen an. Apre sa, fè yon fi mete pantalon an anwo rad li, epi fè l fè kòmsi li gen tranche. Fi a ap pouse bebe ki kache anndan rad li a soti deyò twou ki nan pantalon an.